



Pou Piblikasyon Imedya: 11/03/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON NAN JCOPE

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse nominasyon Michael K. Rozen ak re-nominasyon Michael A. Romeo nan Komisyon Konjwen sou Etik Piblik. Mesye. Rozen pral konble pozisyon ki te vid Mitra Hormozi te okipe a. Mesye. Romeo orjinalman te jwenn nominasyon nan Komisyon an ane pase pou konble pozisyon Vincent Delorio te okipe a; kounye a li re-nome pou kòm nase pwòp manda li.

JCOPE se yon regalitè pou etik ak lobbying endepandan ki gen kontwòl sou lejislasyon Deta, kandida pou pòs nan Paleman, ak anplwaye asanble lejislatif, ak tou kat otorite ki eli nan tout eta yo, kandida pou pòs sa yo, anplwaye piblik branch egzekitif, sèten prezidan pati politik, ak lobbyist ak kliyan yo. Komisyon an bay enfòmasyon, fòmasyon ak konsèy ki gen pou wè ak lwa sou etik ak lobbying, epi ankouraje respè lwa sa yo atravè dokiman kap bay enfòmasyon, odit, investigasyon ak pwosedi pou egzekisyon.

“Mesye. Rozen ak Mesye. Romeo yo toulède jwi anpil respè, reyisi nan domèn yo, epi posede eksperyans mond reyèl la sa ki pral ede Komisyon an anpil nan travay li pou asire responsabiltè ak bay konsèy, fòmasyon ak kontwòl pou sila yo kap travay nan gouvènman eta,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Mwen remèsye yo pou angajman yo anvan Eta New York ak volonte yo pou sèvi.”

Mesye. Rozen se yon avoka ki gen renome nasyonal, estratejis ak negosyatè, li te rezoud avèk siksè plizyè milye ka konplèks, milti-pati. Li te konseye konpayi yo sou fason pou yo striktire litij nasyonal ak estrateji règleman, jwe yon wòl enpòtan nan ka responsabiltè ki gen ladan amyant, penti plon, ak aparèy medikal, e li te aktif nan deli toksik ak kouvèti asirans anviwonman, klas aksyon pou aksyonè yo, diskriminasyon nan travay, pwopriyete entèlektyèl, ansanm avèk anpil lòt kesyon biznis ak komèsyal. Mesye. Rozen te yon asistan Spesyal nan Fon Konpansyon Federal viktim 11 septanm 2001 yo, li te ede nan jere Fon konpansasyon BP, e li te jwenn nominasyon nan tribinal

Eta ak Federal nan tout peyi a pou ede rezoud yon laj varyete pwoblèm. Li te bay anpil konferans nan tout Etazini ak aletranje pou antrepriz, envestisè, avoka ak jidisyè sou kesyon ki enplike etiks, Rezolisyon Altènatif konfli, mas deli ak litij konplèks. Li gen yon Bakaloreya nan Tufts University ak yon Doktora nan Georgetown University Law Center, kote li te yon manm nan Revizyon sou Lwa Kriminèl Ameriken.

Mesye. Romeo te premye jwenn nominasyon nan Komisyon an nan fevriye 2014 e li te renome jodia. Li te travay nan endistri asirans lan pou plis pase 38 ane e aktyèlman li se Vis Prezidan Egzekitif Industrial Coverage, yon konpayi ki apateni eksklizivman a Kredi Inyon Federal Nasyonzini. Li te travay tou nan Komisyon Asirans Kominotè nan Long Island, yon òganizasyon ki te ranmaze plis pase \$4 milyon pou charite Long Island. Anvansa li te travay kòm Prezidan Otomatizasyon Ajan ak Koutye Endepandan Asirans Etazini nan Konte Suffolk, pi gwo asosyasyon ajan nan kalite sa nan Etazini. Li te travay tou kòm prezidan plizyè gwoup itilizatè otomatizasyon nan nivo lokal ak nasyonal e yo te chwazi l pou travay nan yon kantite konsèy ajan konpayi asirans nan nivo lokal ak nasyonal. Mesye. Romeo te frekante University New Haven li gen yon espesyalite nan administrasyon biznis.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418